

JWENN SEKIRITE

ANVIWÒNMAN

SOLÈY CHO?

Mete filtè solèy ak yon chapo.


LAPLI? KOUT-ZÈKLÈ?

Pran refij.



LI FÈ CHO ANPIL.

Pa kite ou swaf: bwè 8 ons dlo chak 20 minit. Manje repa ki pi lejè. Chèche lonbraj pou chita.



LI FÈ FRÈT ANPIL.

Li pi fasil pou rete cho si ou idrate. Bwè dlo chak inèdtan. Mete rad ou an kouch sou ou. Chofe kò ou avèk repa ki pi lou ak bwason cho. Chita yon kote ki gen solèy.

MOUSTIK YO MÒDE MOUN LAJOUNEN TANKOU LANNWIT.

Itilize pwodui Ajans Pwoteksyon Anviwònman

(Environmental Protection Agency, EPA) apwouve

pou pouse ensèk. Kouvri

po kò ou avèk chemiz

manch long ak pantalon long.




PYEBWA PWAZON OSWA PYE CHÈN:

Siveye 3 fèy!

OU WÈ YON KOULÈV.

Kite li. Pifò koulèv ki nan Florida pa danjere—sèlman 6 ladan yo gen venen—men yo TOUT vle rete poukont yo.

ZANMI



ITILIZE SISTÈM YOUN EDE LÒT

Pa pèdi nan foul moun nan.

ZANMI OU MALAD?

Èske li aji yon fason ki kapab nuizib pou li oswa pou lòt moun? Rele sèvis medikal ki desèvis yo:

(863) 225-0294



OTO A.

Kimoun ou chwazi ki pou kondi? Èske nenpòt moun konnen kote oto a pake?

YOU



BWASON.

Bwè sèlman nan boutèy oswa nan vesò ki fèmèn.

Oswa siveye jan bwason ou, milchek ou, elatriye, ap fèt.



MEN.

Lave men ou souvan avèk savon ak dlo, oswa itilize dezenfektan pou men.

